

## II. CARITA PANTUN (Ruhaliah)

### 1. Gelarna Carita Pantun

Carita pantun kaasup kana karya sastra sampakan, nya eta karya sastra nu dianggap asli, ayana teu kapangaruhan ku karya sastra sejen. Pikeun nangtukeun iraha mimitina aya carita pantun, hese ngira-ngirana lantaran sastra wangun lisan mah babari robah jeung babari leungit. Ngan pikeun saheulaanan, aya naskah anu judulna *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* anu di antarana nyabit-nyabit carita pantun. Eta naskah teh lain naskah sastra, tapi penting pisan pikeun nyusun atapakan sajarah sastra sabab saayeunaeun can kapanggih deui naskah Sunda nu leuwih kolot ti eta nu nyabit-nyabit sastra. Eta naskah teh titimangsana 1440 Saka atawa 1518 Masehi. Dina eta teks disebutkeun yen

...

*Hayang nyaho di pantun ma: Langgalarang, Banyakcatra, Siliwangi, Haturwangi; prepantun tanya.*

...

Jadi, upama nitenan eta kalimah, kapanggih yen dina taun 1518 Masehi carita pantun teh geus hirup. Ngan pikeun nangtukeun iraha mimiti ayana mah kacida pisan hesena. Dina eta naskah ngan disebut-sebut judulna, nya eta:

- 1) Langgalarang; 2) Banyakcatra;
- 3) Siliwangi; jeung 4) Haturwangi.

Eta carita teh eusina kakara bisa dikira-kira, eusi carita nu pastina mah hese neanganana, lantaran carita pantun mah mangrupa sastra lisan. Ari sastra lisan teh babari pisan robahna sarta babari leungitna. Jadi hese neangan buktina upama jurupantunna geus tilar dunya.

Judul carita pantun teh kawilang rea, ngan upama diteangan teksna, eta teh hese pisan lantaran sakapeung mah carita pantun teh loba nu leungit lantaran juru pantunna maot. Tina sakitu judul carita pantun nu kapanggih teh, aya carita anu judulna beda tapi eusina sarua boh palakuna boh latar tempatna.

Sanajan dina *Sanghyang Siksa Kandang Karesian* disebutkeun opat judul carita nu tadi, eta judul teh lain mangrupa judul carita pantun nu pangkolotna. Carita pantun nu kaitung kolot (*babon*) nya eta *Ciung Wanara; Munding Laya Dikusumah;* jeung *Lutung Kasarung*.

Carita pantun mangrupa genre sastra anu babari robah, lantaran:

- 1) Caritana gelar sacara lisan, lalakonna diapalkeun (ditalar), ku sabab kitu aya bagian nu leungit jeung bagian nu ditambahkeun
- 2) Carita nu ditepikeun ku jurupantun sakapeung teu sagemblengna katarima ku pananggap catur.

- 3) Unggal jurupantun ngabogaan gaya sorangan nurutkeun pangalamanana jeung ilmu anu katarima ti guruna, ku kituna sanajan teksna sarua oge nu ditepikeunana mah can tangtu sarua.

## 2. Fungsi Carita Pantun

### a. Fungsi ritual

Fungsi carita pantun ti waktu ka waktu teh robah-robah. Baheula mah pagelaran pantun mangrupa bagian tina acara ritual, dipagelarkeunana teu sagawayah, ngan dina acara-acara nu tangtu, biasana poe Salasa jeung Jumaah, make sasajen, magelarkeunana sapeuting jeput, sarta juru pantunna kudu puasa heula. Ku kituna, acara pagelaran pantun mangrupa acara nu sakral, teu bisa sagawayah. Upama dirempak, dipercaya bakal aya mamalana. Teks caritana miboga dua fungsi, nya eta fungsi ritual jeung hiburan. Upamana wae aya masarakat nu nanggap *Sulanjana*, atawa *Nyi Pohaci Sanghyang Sri*, dipercaya panenna bakal mucekil.

### b. Fungsi hiburan

Carita pantun miboga fungsi hiburan, ditilik tina bagian-bagian teksna nu sakapeung mah eusina banyol malah cawokah. Ka dieunakeun mah acara pagelaranana oge leuwih loba hiburanana, aya aturan anu teu kudu dicumponan, malah nepi ka aya nu disebut **pantun beton** nya eta pantun nu dipagelarkeunana ngan dua jam. Jadi fungsi pantun ayeuna mah umumna mangrupa hiburan.

## 3. Panalungtikan Carita Pantun

Teks-teks carita pantun teh ka dieunakeun aya nu dijieun bahan panalungtikan jeung aya nu diterbitkeun deui mangrupa buku. Di handap ieu diberendelkeun sababaraha ahli nu nalungtik carita pantun jeung hasil panalungtikanana.

- 1) F.S. Eringa nulis disertasi ngeunaan carita pantun *Lutung Kasarung* (1949);
- 2) J.J. Meyer ngumpulkeun lalakon *Bima Wayang*, *Gagak Lumantung*, *Kidang Pananjung*, *Kuda Gandar*, *Kuda Wangi*, *Langga Sari*, *Paksi Keling*, *Raden Tegal*, *Ranggah Sena*, *Panambang Sari*, jeung *Gajah Lumantung*.
- 3) K.F. Holle nalungtik *Kuda Malela*
- 4) C.M. Pleyte ngumpulkeun *Mundinglaya Dikusumah*, *Ciung Wanara*, *Nyi Sumur Bandung*, *Rangga Sawung Galing*
- 5) Proyek Penelitian Pantun dan Folklor Sunda anu dipingpin ku Ajip Rosidi ngumpulkeun carita pantun *Buyut Orenyeng*, *Badak Pamalang*, *Budak Manjor*, *Bujang Pangalasan*, *Ciung Wanara* (1961), *Gantangan Wangi*, *Kembang Panyarikan*, *Kuda Malela*, *Lutung Kasarung* (1958), *Lutung Leutik*, *Munding Kawati*, *Nyai Sumur Bandung*, *Panggung Karaton*, *Parenggongjaya*, *Raden Tanjung*, *Sri Sadana* atawa *Sulanjana*, jeung *Mundinglaya Dikusumah* (1961).

- 6) K. A. Hidding nulis disertasi ngeunaan carita pantun *Nyi Pohaci Sanghiang Sri* (1929)
- 7) Pudentia MPSS nyusun disertasi ngeunaan carita pantun *Lutung Kasarung*
- 8) Tini Kartini dkk. nyusun panalungtikan ngeunaan carita pantun nu aya di daerah Banten.

Lian ti eta aya sababaraha mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa jeung Sastra Sunda anu nalungtik carita pantun pikeun bahan skripsi, di antarana:

- 1) Dewi Cahyaningrat dina taun 1987 nyieun skripsi anu judulna *Deskripsi Unsur Carita Pantun dina Carita Pantun Munding Kawati pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SPG*;
- 2) Kokom K. dina taun 1987 nyusun skripsi anu judulna *Analisis Carita Pantun Bujang Pangalasan pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SPG*.

#### **4. Publikasi Carita Pantun**

Ka dieunakeun aya sababaraha carita pantun nu diterbitkeun deui, di antarana:

- 1) *Ratu Bungsu Karma Jaya* (Dana Guru, 1961), nu dipantunkeun ku Taswan nu dicatet ku R.S. Wirananggapati;
- 2) *Dadap Malang Sisi Cimadiri* (Yayasan Kabudayaan Mangle Bogor, 1954, 1964 (?)), koleksi Rakean Minda Kalangan (sandiasma Muchtar Kala);
- 3) *Lutung Kasarung, eine uralte sundanesische legende* ku Dr. F.A. Schoppel (dina Asia Raya, September 1942).
- 4) *Aci Keling* dimuat dina *Tidjschrift voor Indische Tall- land-en Volkenkunde* (TBG), jilid LIV, 1912.
- 5) *Nyi Sumur Bandung*, dipantunkeun ku Ki Endjum ti Ujungberung Bandung, diterbitkeun ku Proyek Penelitian Pantun & Folklore Sunda (1390 H/1970 M).
- 6) *Munding Kawati*, nu dipantunkeun ku Ki Atma, diterbitkeun ku Proyek Penelitian Pantun & Folklore Sunda taun 1971.
- 7) *Purba Sari Aju Wangi* (Lutung Kasarung) dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1971, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung
- 8) *Tjarita Badak Pamalang* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1971, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung
- 9) *Tjarita Pangung Karaton* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1971, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 10) *Tjarita Parenggong Djaja* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1971, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 11) *Tjarita Raden Tandjung* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1971, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 7) *Pangung Karaton* diterbitkeun ku Depdikbud Jakarta.
- 8) *Budak Manjor* diterbitkeun ku Depdikbud Jakarta
- 9) *Mundinglaya Dikusumah* diterbitkeun ku Depdikbud Jakarta
- 10) *Lutung Leutik* diterbitkeun ku Depdikbud Jakarta.

- 11) *Ringkasan Cerita Kumpulan Pantun di Priangan* (pantun Cibadak, Dayeuhkolot, Pencaran Mad Laip Pantun Cikasongka, Cicalengka) ku Atik Soepandi S. Kar. Jeung Olla S. Sumarnaputra (1982), sarta diterbitkeun ku Pustaka Buana taun 1984. Ieu buku teh eusina sinopsis 12 carita pantun nu dipantunkeun ku Ki Adja, jeung hiji wawacan tina carita pantun. Judul-judul carita pantunna nya eta: Munding Liman, Dalung Kusumah, Jagal Baya, Lasmaya, Rangga Lumintang, Sari Laya, Sutra Kalang Gading, Surulukan Macan, Mitra Wangi, Malang Sari, Rangga Malela, Wawacan Sulanjana, jeung Nyi Pohaci Sanghyang Sri.
- 12) *Raden Moending Laja Di Koesoema* dipublikasikeun ku C.M. Pleyte taun 1907, diterbitkeun ku Albrecht Bandoeng.
- 13) *Njai Soemoer Bandoeng* dipublikasikeun ku De Ballade taun 1910, diterbitkeun ku s'Hage Batavia
- 14) *Nji Pohatji Sangjang Sri* dipublikasikeun ku K.A.H. Hidding taun 1929, diterbitkeun ku M. Dubbeldeman Leiden.
- 15) *Loetoeng Kasaroeng* dipublikasikeun ku H. Sunarto jeung Vivianne Sukanda taun 1949 di Bandung.
- 16) *Tjarita Mundinglaja di Kusumah* seri no. 2 dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1970, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 17) *Tjarita Sri Sadana* atawa *Sulandjana*, nu dipantunkeun ku Ki Atjeng Tamadipura, dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1970, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 18) *Tjarita Budak Mandjor* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1973, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 19) *Carita Ciung Wanara* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1973, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 20) *Carita Gantangan Wangi*, nu dipantunkeun ku Ki Asom, dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1973, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 21) *Tjarita Kembang Panjarikan*, nu dipantunkeun ku Ki Kamal, dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1973, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 22) *Carita Lutung Kasarung* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1973, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 23) *Carita Lutung Leutik* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1973, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 24) *Carita Bujang Pangalasan* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1974, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 25) *Carita Buyut Orenyeng* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1974, diterbitkeun ku PPP&F Sunda Bandung.
- 26) *Carita Badak Pamalang* dipublikasikeun ku Ajip Rosidi taun 1985, diterbitkeun ku P&K Jakarta.

Buku-buku teks carita pantun nu diterbitkeun ku Depdikbud mah sumebar di perpustakaan-perpustakaan, jadi teu hese diteanganana, sedengkeun nu sejenna rada hese diteanganana lantaran nyitakna teu pati loba.

Salian ti eta, aya oge publikasi sejen ngeunaan carita pantun, di antarana:

- 1) Tjarita Njai Soemoer Bandoeng anoe kapigarwa ratoe nagri Koeta Waringin Girang (Versi Galuh), Verhandelingen van het Bataviaasch Genootschap van Kunsten en Wetenschappen (VBG) djilid 58m (1910), k. 1-46, dipublikasikeun ku C.M. Pleyte.
- 2) Tjarita Njai Soemoer Bandoeng pigarwaeunana Ratoe Agoeng Poerba Mantri Pangeran Poerba Koesoema Ratoe Nagara Koeta Waringin (versi Bandung), VBG djilid 58, k. 47-63, dipublikasikeun ku C.M. Pleyte;
- 3) Tjaritana Njai Soemoer Bandoeng noe digarwaan koe Praboe Goeroe Gantangan Ratoe Padjadjaran (Versi Limbangan, Garut), disertai dengan terdjemahannya ke dalam bahasa Belanda, VBG djilid 58, k. 64-83, dipublikasikeun ku C.M. Pleyte;
- 4) Nyai Soemoer Bandoeng, saduran dalam bentuk wawatjan (bahasa Sunda), Balai Pustaka, 1937, ku Engkawidjaja;
- 5) Njai Sumur Bandung (saduran dalam bahasa Indonesia) Balai Pustaka, Djakarta, 1966 (Seri Batjaan Remadja BP Seri 2300)

Dina Ekadjati (1988) disebut-sebut ayana naskah-naskah nu eusina carita pantun, nya eta:

- 1) Bima Manggala (SD 112)
- 2) Buku Carita Pantun Lalakon Raden Dengdeng Pati Jaya Perang (Plt. 72)
- 3) Buku Pantun Lalakon Raden Rangga Sawung Galing (Plt. 78)
- 4) Carita Mundingsari Wiramantri Ratu Batang (Plt. 6)
- 5) Carita Kudamalela (SD. 84)
- 6) Lalakon Badak Pamalang (Plt. 44, SD. 45)
- 7) Nyai Sumur Bandung (Plt. 146)
- 8) Opat Carita Pantun Sunda (SD. 3)
- 9) Pantun Carita Mundingsari Wira Mantri Ratu Batang (Plt. 5)
- 10) Pantun Lalakon Rangga Gading (Plt. 116)
- 11) Prabu Sutrawangi (Plt. 20)
- 12) Buku Caritana Budug Basu (Lor. 6412)
- 13) Carita Ciung Mandara jeung Lutung Kasarung (Lor. 259)
- 14) Carita Lutung Kasarung (Lor. 7812, Lor. 2253a-d)
- 15) Lutung Kasarung (Lor. 7847, Lor. 377, Lor. 3355a, Lor. 6203)
- 16) Nyi Puhaci Sanghyang Sri (Lor. 7759)
- 17) Sulanjana, Mitos Pare, jeung sajabana (Lor. 7731)
- 18) Kuda Laksana Gading (Lor. 2253a)
- 19) Panggung Karaton (Lor. 246)
- 20) Carios Prabu Munding Laya (Lor. 2024)

- 21) Munding Mintra Laya Sari (Lor. 366)
- 22) Rangka Sena ti Pajajaran (Lor. 7421)
- 23) Sajarah Munding Mitra jeung Sajarah Pangeran Kusuma Adi Nata (Lor. 2022)

Lian ti eta, carita-carita pantun teh aya nu direka kana wangun genre sejen, di antarana:

- 1) *Mundinglaya Dikusumah* direka kana
  - a. wawacan ku M.A. Salmun taun 1938, diterbitkeun ku Bale Poestaka Batavia-C;
  - b. gending karesmen ku M.A. Salmun taun 1955;
  - c. gending karesmen Mundinglaya Saba Langit ku Wahyu Wibisana taun 1962;
  - d. roman bahasa Indonesia nu judulna Pangeran Sunten Jaya ku Saini K.M. taun 1970;
  - e. roman bahasa Indonesia ku Ajip Rosidi (Bandung, 1961, cetak ulang Jakarta, 1968)
  - f. gending karesmen ku R.T.A. Sunarya;
  - g. sajak "Carita Mundinglaya" ku Yayat Hendayana, dina Katiga;
- 2) *Lutung Kasarung* direka jadi
  - a. gending karesmen ku R.T.A. Sunarya jeung M.A. Wiradiharja, 1954;
  - b. wawacan ku M. Engka Widjaja taun 1937, diterbitkeun ku Bale Pustaka Batavia C;
  - c. wawacan ku M.A. Salmun; d. sendratari ku Enoch Atmadibrata
  - e. filem;
  - f. wawacan ku R. Hidayat Suryalaga
  - g. wawacan ku S. Hidayat (?) taun 1984 diterbitkeun ku Rahmat (Cijulang) Bandung.
- 3) *Nyai Sumur Bandung* direka jadi wawacan ku Engka Widjaja taun 1938, diterbitkeun ku Bale Poestaka Batavia-C
- 4) *Ciung Wanara* direka jadi
  - a. wawacan ku M.A. Salmun taun 1938, diterbitkeun ku Bale Pustaka Batavia-C
  - b. gending karesmen ku R.T.A. Sunarya
  - c. filem.
- 5) *Sulanjana* direka jadi
  - a. gending karesmen ku R.T.A. Sunarya
- 6) *Nyai Sumur Bandung* disadur kana basa Indonesia ku Haksan Wirasutisna taun 1966, diterbitkeun ku Bale Pustaka Jakarta.

## 5. Klasifikasi Carita Pantun

### 1. Dumasar wangunna

Wangun carita pantun raket patalina jeung cara nyebareunana, jadi:

- a. Wangun ugeran sakabehna
- b. Wangun ugeran campur lancar

## 2. Dumasar galurna

### a. Galur simpay

indit - ngalalakon - tinemu jeung katunggaraan - bisa ngungkulan - balik.

Contona:

- 1) Lutung Kasarung (ditilik ti Purbasari)
- 2) Ciung Wanara
- 3) Mundinglaya Dikusumah
- 4) Munding Kawati

### b. Galur Leunjeuran

indit - ngalalakon - tinemu jeung katunggaraan - bisa ngungkulan - tetep tumetep di nagara anyar

Contona:

- 1) Lutung Kasarung (ditilik ti Guruminda)
- 2) Badak Pamalang
- 3) Demung Kalagan
- 4) Ratu Bungsu Karma Jaya
- 5) Panggung Karaton
- 6) Bujang Pangalasan
- 7) Nyi Sumur Bandung
- 8) Budak Manjor

## 3. Dumasar Tempatna

### a. Pantun Bogor

Nu dimaksud pantun Bogor mah asalna lain pagelaran, tapi mangrupa lalakon pantun nu ditulis dina aksara Laten atawa dikumpulkeun ku Muhtar Kala (Rakean Minda Kalangan di Bogor) tuluy disebarluaskeun ku Saleh Danasasmita. Pantun Bogor nu geus diterbitkeun nya eta *Dadap Malang Sisi Cimandiri*. Sedengkeun dumasar katerangan Moh Amir Sutaarga, dina taun 1965 aya tujuh lalakon pantun nu keur dicitak, nya eta *Ngadegna Pajajaran, Ngahiangna Pajajaran, Dadap Malang, Kujang di Hanjuang Siang, Lawang Saketeng di Lebak Cawene, Rakean Mulang ti Kahiangnan, jeung Sunda Panglokatan*.

### b. Pantun Baduy

Ieu istilah teh mimiti digunakeun ku J.J. Meyer (1891) waktu midangkeun tulisanana ngeunaan sawatara lalakon pantun ti daerah Gunung Kencana, Banten

kidul, meunang ngumpulkeun juru tulisna nu ngaran Agus Raksaatmadja. Lalakon nu disebutkeunana aya sapuluh, nya eta Bima Wayang, Gajah Lumantung, Kidang Panadri, Kuda Gandar, Kuda Wangi, Langga Sari, Panambang Sari, Paksi Keling, Raden Tegal, jeung Rangga Sena. Ngeunaan kumaha basa jeung eusina basajan pisan, monoton, teu mentingkeun unsur hiburan, dipirig ku kacapi leutik.

c. Pantun Kuningan

Pantun Kuningan nya eta lalakon pantun nu asalna atawa populer di daerah Kuningan. Ieu istilah teh di antarana disebut dina carita pantun *\_Ratu Bungsu Karma Jaya* atawa *Lutung Leutik* (Wirananggapati, 1951). Nu dianggap pantun Kuningan teh di antarana *Ratu Bungsu Karma Jaya*, *Kembang Panyarikan*, jeung *Demung Kalagan*.

d. Pantun Priangan

Pantun Priangan nya eta pantun nu asalna ti daerah Priangan (Bandung, Garut, Tasik, Sumedang). Kacirina tina prakprakanana mantun, waditrana, lalaguanana, atawa tina caritana (kabeungharan lalakon, basana, pakeman basana, jst.). Saenyana mah can pati jelas kumaha bedana jeung pantun ti wewengkon sejen. Ti Sumedang di antarana Panggung Karaton.

e. Pantun Beton

Pantun beton nya eta ngaran pakumpulan kasenian pantun di Cikadut Cicadas Bandung taun 1929 nu diadegkeun ku Wikatmana. Beton (siki angka) dicokot tina lalandian Wikatmana nu awakna leutik. Dina taun 1941 Wikatmana ngarobah gaya pantun jadi make gamelan sarta disindenana, cara mirig pagelaran wayang . Waktu pagelaranana henteu sapeuting jeput tapi leuwih sakeudeung, biasana ti tabuh 21.30 nepi ka tabuh 24.00. Lalakonna dipondokkeun, akibatna lalakonna ngan mangrupa ringkesan tina lalakon nu sabenerna. Sora-sora nu ngalalakon dibedakeun. Caritana henteu bau-bau ka Pajajaran.

4. Dumasar pagelaranana

a. Pantun biasa

Cirina:

- a) waktu pagelaranana sapeuting jeput
- b) alat nu dipakena kacapi wungkul
- c) make sasajen
- d) sakral jeung ritualna kuat

b. Pantun Beton

Cirina:

- a) waktuna kurang leuwih dua jam



- b) make gamelan lengkep jeung sinden
- c) fungsina hiburan
- d) kalan-kalan diigelan
- e) caritana henteu bau-bau acan ka Pajajaran, contona Carita Umar Maya Umar Madi, Dewi Rengganis, Damarwulan, jrrd.

Alusna:

- a) waktuna ngan sakeudeung
- b) teu matak bosen
- c) nu dipagelarkeun nu pentingna wungkul
- d) nu lalajo gancang manggihan carita
- e) catur asa hirup
- f) ngeunah kadengena ku nu lalajo
- g) moal matak tunduh

Gorengna:

- a) aya bagian anu diliwat -- carita jadi ruksak
- b) leungit sakral jeung ritualna
- c) generasi ngora bisa jadi teu nyaho carita pantun nu sabenerna
- d) galur caritana henteu merele

## 6. Judul-judul Carita Pantun

Upama dititinan, judul carita pantun teh kawilang loba. Salian ti nu ditataan dina Sanghyang Siksa Kandang Karesian, aya oge judul sejen sok sanajan loba nu teu kapaluruh kumaha eusi caritana. Judul-judul carita pantun teh ditataan di handap ieu.

- 1) Langgalarang
- 2) Banyakcatra
- 3) Siliwangi
- 4) Haturwangi
- 5) Munding Laya Di Kusumah
- 6) Munding Daratan
- 7) Munding Barang
- 8) Munding Mregaluncat
- 9) Munding Mregalaksana
- 10) Munding Mregajaya
- 11) Munding Wangi

- 12) Munding Liman
- 13) Munding Sari
- 14) Munding Kawati
- 15) Munding Kawangi
- 16) Munding Jalingan
- 18) Munding Mintra
- 19) Munding Sari Jaya Mantri
- 20) Munding Siring
- 21) Mundinglaya (LOR 333, ditulis ku Purajibja di Ciateul tanggal 28 Sawal 1282, 88 kaca, Jawa, Sunda)
- 22) Kuda Gandar
- 23) Kuda Jayengsari
- 24) Kuda Kancana
- 25) Kuda Wangi
- 26) Kuda Lalean
- 27) Kuda Malela
- 28) Kuda Laksana Gading (Lor 2253a-d (mal 545-549), warisan Koorders, aksara Laten, basa Sunda)
- 29) Gajah Lumantung
- 30) Gajah Haruman
- 31) Gagak Larang
- 32) Gagak Wirapanggung
- 33) Gagak Malela
- 34) Kidang Pananjung
- 35) Kidang Panadri
- 36) Singa Tajiwangsa
- 37) Singa Kombala
- 38) Naga Lumenggang
- 39) Naga Panggiling
- 40) Badak Pamalang
- 41) Badak Sangara
- 42) Badak Sangorah
- 43) Badak Singa
- 44) Ciung Wanara
- 45) Lutung Kasarung
- 46) Lutung Leutik atawa Ratu Bungsu Karma Jaya
- 47) Sri Sadana (Sulanjana) atawa Budug Basu
- 48) Nyi Sumur Bandung (dipantunkeun ku Ki Enjum Ujung Berung Bandung, diusahakeun ku Ajip Rosidi, ditulis di Cikalong)
- 49) Parenggong Jaya
- 50) Panggung Karaton (LOR 2253a-d, ditulis di Cimanuk, aksara Laten, basa Sunda)

- 51) Budak Manjor (\_LOr.2253a-d (Mal.545-549), warisan Koorders, ditulis dina aksara Jawa jeung Arab tanggal 5 Mei 1866 di Ciawi, Laten, Sunda)
- 52) Langga Sari
- 53) Demung Kalagan (LOr 2253a-d (Mal.545-549), warisan Koorders, ditulis kana aksara Jawa jeung Arab tanggal 5 Mei 1886 di Ciawi, Laten, Sunda)
- 54) Bima Wayang
- 55) Raden Rangga Sawunggaling
- 56) Raden Tanjung
- 57) Raden Rangga (LOr 2253 5 Mei 1866 di Ciawi, Laten, Sunda)
- 58) Raden Mangprang di Kusuma
- 59) Ngahiangna Pajajaran
- 60) Dadap Malang Sisi Cimandiri
- 61) Dadap Malang (pantun Bogor)
- 62) Pakujajar di Lawang Gintung
- 63) Kujang di Hanjuang Siang
- 64) Langga Sari
- 65) Langga Larang
- 66) Jaya Mangkurat
- 67) Bujang Pangalasan
- 68) Kembang Panyarikan (Pangeran Ratu Kembang Panyarikan)
- 69) Rangga Sena
- 70) Gantangan Wangi
- 71) Panambang Sari
- 72) Aria Munding Jamparing
- 73) Ratu Bungsu Karma Jaya
- 74) Liman Jaya Mantri
- 75) Manggung Kusuma
- 76) Manggung Kutimas (?)
- 77) Buyut Orenyeng
- 78) Paksi Keling atawa Paksi Keuling Wentang Gading
- 79) Pangeran Ratu (?)
- 80) Babakcatra
- 81) Bima Manggala
- 83) Deugdeug Pati Jaya Perang
- 84) Gantangan (?)
- 85) Jaka Susuruh
- 86) Jalu Mantang
- 87) Sutra Galuguh (LOr 2253, 5 Mei 1866 di Ciawi)
- 88) Laksana Gading
- 89) Raden Tanjung
- 90) Raden Tegal

- 91) Lawang Saketeng Di Lebak Cawene
- 92) Layung Kumendung
- 93) Malang Sari
- 94) Manggung Kusuma
- 95) Matang Jaya
- 96) Rakean Mulang Ti Kahiang
- 97) Ranga Katimpal
- 98) Ranga Gading (LOR 2253-2 (Mal. 545-549))
- 99) Heulang Kembang
- 100) Prabu Munding Laya (LOR 333, ditulis ku Purajibja di Ciateul tanggal 28 Sawal 1282 H, Jawa, Sunda, 88 kaca)
- 101) Ramayana (LOR 225, 3 X 34 cm (lontar), Sunda Kuno, Sunda kuno). Ieu carita teh diasupkeun kana pantun lantaran mangrupa wangun puisi anu unggal padalisanna dalapan engang jeung galurna galur carita pantun. (Kacirina dina tarjamahan beunang Noorduyn).
- 102) Ratu Pasir Batang Umbul Tengah Nu Garwaan ka Putri Aci Keuling Wentang Gading
- 103) Burung Baok
- 104) Dalima Wayang
- 105) Deugdeug Pati Jaya Perang atawa Raden Deugdeug Pati Jaya Perang Prabu Sandap Pakuan
- 106) Gajah Lumantang (Lumantung?)
- 107) Jaya Mangkurat
- 108) Langon Sari
- 109) Ranga Malela
- 110) Ratu Ayu
- 111) Ratu Pakuan
- 112) Ringgit Sari
- 113) Senjaya Guru
- 114) Sunda Panglokatan
- 115) Dalung Kusumah
- 116) Jagal Baya
- 117) Lasmaya
- 118) Ranga Lumintang
- 119) Sari Laya
- 120) Sutra Kalang gading
- 121) Surulukan Macan
- 122) Mitra Wangi
- 123) Malang Sari
- 124) Ranga Malela
- 125) Sulanjana

126) Nyi Pohaci Sanghiyang Sri

127) Prabu Sutra Wangi

Di antara sakitu lobana judul teh sakapeung mah aya nu eusina sarua, upamana wae *Lutung Leutik* (nu dipantunkeun ku Ki Kamal) jeung *Ratu Bungsu Karma Jaya* (nu dipantunkeun ku Ki Taswan), sok sanajan aya oge bedana. Dina RBKJ henteu disebut-sebut ngeunaan Prabu Siliwangi, tapi Menak Pajajaran. Dina RBKJ, antara Tumenggung Laksana Gading jeung Bagandan Sari ti Padukuhan Cihanjuang Nusa Gayonggong ngabogaan tali kakulawargaan, sedengkeun dina LL Nusa Gayonggong euweuh hubungan kakulawargaan jeung Gajah Taruna. Putri di nagara Margacina dina RBKJ ngaranna Malanggi Rarang, sedengkeun dina LL Parenggi Rarang. Dina RBKJ teu diwawuhkeun tokoh awewe patapa Nyi Medanglayang, sedengkeun dina LL teu diwawuhkeun tokoh Indrajaya nu jadi salaki Malanggi Rarang. Lalakon Indrajaha jeung Lembuhalang nu asalna tina baju nu dipake boh ku RB boh ku LL jeung lalakon Lutung Kasarung nu dipublikasikeun ku C.M. Pleyte.

## 7. Carita Pantun jeung Mitologi

Carita pantun disebut mitos Pajajaran lantaran eusi caritana ngagambarkeun kabebasan jeung kaagungan karajaan Sunda jaman baheula. Eta kaayaan teh kacida dipicangcamna sarta dijieun babandingan jeung harepan pikeun mangsa nu bakal datang (tingali Ratu Pakuan: 8). Salin ti eta, teks carita pantun lolobana nyaritakeun lalampahan para satria putra Prabu Siliwangi ti Pajajaran dina keur ngemban pancen, nyorang rupa-rupa halangan, sarta mindeng kudu perang jeung musuh. Dina sajarah Sunda, kapanggih ngaran-ngaran nu sarua atawa rek sarua jeung ngaran-ngaran dina carita pantun. Eta ngaran teh di antarana:

### 1) Banyakcatra

Aya sumber nu nyebutkeun yen Banyakcatra teh sarua jeung Banyakcitra, nya eta akina Kiranawati (Dewi Asri) (*Sajarah Jawa Barat IV* kaca 36);

### 2) Dewi Asri

Tokoh Dewi Asri sarua jeung tokoh Kiranawati, nya eta putri raja (Prabu) Cakralarang ti Tanjung Barat, nu aya di Pasar Minggu (Jakarta Selatan).

Dewi Asri teh incuna Munding Kawati

Munding Kawati --- Mental Buana --- Banyak Citra --- Cakralarang --- Kiranawati

### 3) Guru Gantangan

*Dina Sajarah Jawa Barat IV* disebutkeun yen Guru Gantangan teh nya eta Surawisesa nu maot taun 1535. Ieu tokoh teh disebutkeun anak Prabu Siliwangi ti Kentring Manik Mayang Sunda. Di dieu mah nu dimaksud Siliwangi teh nya eta Sri Baduga.

Dumasar sajarah, kapanggih yen Surawisesa atawa Guru Gantangan teh mangrupa raja Sunda nu pangheulana panggih jeung pamingpin Portugis nu ngaranna Alfonso d'Albuquerque di Malaka. Eta kajadian teh ngahasilkeun perjanjian Pajajaran-Portugis tanggal 21 Agustus 1522. Eta kajadian teh ku bujangga dikarang jadi carita pantun *Mundinglaya Dikusuma*.

Surawisesa nyieun Prasasti Batutulis sabada marentah salila 12 taun (sanggeus Sri Baduga taya dikieuna). Eta prasasti teh mangrupa bakti Surawisesa ka bapana.

- 4) Kentring Manik Mayang Sunda = Padmawati  
Anak Prabu Susuk Tunggal, nu nikah ka Jayadewata
- 4) Mundingwangi: ngaran Siliwangi keur budak (Ratu Pakuan)
- 5) Lutung Kasarung : anak Ciung Wanara
- 6) Muara Beres  
Ieu teh ngaran hiji tempat nu ayana di Desa Karadenan di sisi Ciliwung, Bogor
- 7) Gunung Kumbang jeung Gunung Larang  
Ieu dua gunung teh ayana di Brebes
- 8) Pamalang  
Ieu teh ngaran palabuan leutik di basisir kaler Jawa Tengah.
- 9) Dulur opat kalima pancer  
Ieu kalimah teh sok disebut-sebut dina rajah carita pantun. Maksudna nya eta: kakawah, tali ari-ari, tembuni, pembungkus, jeung bujal.  
Pancer = puseur = bujal.

Dina mitologi, sakapeung disebutkeun yen istri Prabu Siliwangi teh jumlahna 150 urang, di antarana: 1. Lenggangpakuan (Ratu Pakuan: 16)

Anak Siliwangi di antarana:

1. Walangsungsang = Kian Santang (Ratu Pakuan: 17);
2. Rarasantang

#### DAFTAR PUSTAKA

- Atja dan Saleh Danasasmita. 1981. *Sanghyang Siksa Kanda Ng Karesian*. Naskah Sunda Kuna Taun 1518 Masehi. Bandung: proyek Pengembangan Permuseuman Jawa Barat.
- Atja. 1970. *Tjarita Ratu Pakuan*. Bandung: Lembaga Bahasa dan Sedjarah.
- Danasasmita, Drs. Saleh dkk. 1983/1984. *Rintisan Penelusuran Masa Silam Sejarah Jawa Barat*. Proyek Penerbitan Sejarah Jawa Barat.

- Ekadjati, Edi S. 1988. *Naskah Sunda: Inventarisasi dan Pencatatan*. Bandung: UNPAD bekerja sama dengan The Toyota Foundation.
- Eringa, Dr. F.S. 1949. *Loetoeng Kasaroeng: Een Mythologisch Verhaal uit West-Java*. S-Gravenhage Martinus Nijhoff.
- Rosidi, Ajip. 1970. *Tjarita Nji Sumur Bandung. Dipantunkan oleh Ki Endjum*. Proyek Penelitian Pantun & Folklore Sunda.
- Sopandi S. Kar, Atik & Olla S. Sumarnaputra. 1982. *Ringkasan Cerita Kumpulan Pantun di Priangan*. Lembaga Kesenian Bandung dengan bantuan Proyek Penunjang Kebudayaan Jawa Barat.